

Application for 21st Century After-school Program

Y-ap ofri pwogram sa-a bay pitit ou-a pou amelyore konpetans li nan matematik, lekti, ekriti, ak syans. Pwogram nan aprè lekòl nan “Lawnwood Elementary” pral konpoze de pwojè ki baze sou aprantisaj k-ap enkòpore akademik avèk aktivite andeyò pwogram regilye-yo/anrichisman pèsònèl.

Yo pral anseye Lekt, Ekriti, ak “STEM” (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) atravè pwojè ki baze sou aprantisaj. Elèv-yo pral travay tèt ansanm nan mennen envestigasyon, rechèch, ak anplwaye konpetans yo te aprann nan “21st Century” nan bi pou konplete yon varyete de pwojè pandan tout ane-a. Yo pral founi elèv tou tan pou travay sou devwa lakay ak patisipe nan aktivite andeyò pwogram regilye-yo tankou espò, atizay, leson patikilye, ak aktivite mentò.

Sesyon Aprè-Lekòl la se apati de 3:30 p.m. – 6:00 p.m.

Pwogram lan pral kòmanse nan Lendi, 22 mwa Out, 2018, epi yo pral ofri-l de Lendi jiska Vandredi. Yo pral sèvi manje aprè midi chak jou pwogram nan ki p-ap koute paran/elèv-yo anyen. Espas nan pwogram nan limite epitou y-ap asepte aplikasyon-yo baze sou moun ki vini an premye ap sèvi an premye. Si kantite nou-an plis ke sa nou kapab akomode, nou pral plase non pitit ou-a nan yon lis rete tann.

Tanpri pote atansyon a règ-yo ki nan lis anba-a:

- **Yo pa-p founi transpòtasyon pou elèv-yo k-ap patisipe nan pwogram Aprè-Lekòl la.** Si pitit ou-a ap mache vin lekòl, tanpri voye yon nòt ki endike sa.
- Si pitit ou-a siyen pou pwogram nan, prezans-li obligatwa amwenske li absan lekòl jou sa-a. Elèv-yo dwe pote yon nòt ki sòti de paran-yo lè yo absan.
- Yo p-ap pèmèt okenn elèv pou kite lakou lekòl-la san yon notifikasyon alekri (de paran-l) pou koòdonatè-a. Paran-yo pral bezwen pou siyen nan ofis la pou sòti ak elèv-yo pi bonè.
- Elèv-yo mare avèk Kòd de Kondwit Elèv ki nan Lekòl Piblik-yo nan St Lucie pandan patisipasyon yo nan “21st CCLC”. <http://stlucie.k12.fl.us/pdf/codeofconduct.pdf>
- Konpòtman endisiplin pral lakòz tèminalasyon ou de pwogram nan -- **pa gen okenn eksepsyon.** Elèv-yo dwe respekte kamarad-yo, manm fakilte ak anplwaye.
- **Yo dwe vin chèche elèv yo vè 5:55 PM chak swa. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo pral tèmine-yo de pwogram nan.**
- **Paran patisipasyon se yon pati enpòtan nan pwogram “21st CCLC. Yo ekspekte pou ou asiste omwens de (2) nwit pou paran.**

Tanpri ranpli lòt bò fòm sa-a konplètman epi fè pitit ou-a retounen-l nan ofis lekòl la.

Lawnwood Elementary
St. Lucie Public Schools



Application for 21st Century After-school Program

Asire ke aplikasyon sa-a ranpli konplètman anvan ou retounen-l. Si se pa sa, yo pa pral pran swen de li.

Non Elèv-la: _____ Dat Nesans li: _____

Lekòl li Anrole: _____ Grad: _____ #ID Elèv-la _____

Frè ak Sè ki nan Lekòl-la: _____

Elèv-la abite avèk: Manman _____ Papa _____ Toulède _____ Lòt Moun _____

Elèv-la ap Resevwa: Manje Gratis _____ Manje Pri Redui _____ Peye pou Manje _____

Elèv-la ap Resevwa Sèvis nan : Edikasyon Eksepsyonèl pou Elèv (ESE) _____ Anglè Kòm Dezyèm Langaj (ESOL) _____

Paran Ap Vin Chèche Elèv-la _____ Elèv-la Ap Mache Pou Ale Lakay _____

Adrès Lakay: _____

Telefòn Paran Lakay: _____ Mobil: _____ Nan Travay: _____

Non Moun Pou Kontakte Nan Ka Emèjensi: _____ Telefòn: _____

Kòmantè Espesyal Konsènan Medikaman oswa Pwoblèn Lasante : _____

Moun ki Otorize pou Vin Chèche Elèv-la: _____

Mwen te li konplètman epitou diskite kondisyon ak regleman-yo ki sou devan ak nan do aplikasyon sa-a avèk pitit mwen-an epitou mwen pral sipòte sa pandan tout ane-a. Mwen konprann ke mwen dwe vin chèche pitit mwen-an alè (vè 5:45 p.m.) chak jou. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo andwa tèmine-l de pwogram nan.

Non Paran (Prente): _____

Siyati Paran: _____ Dat _____

**Lekòl Piblik-yo Nan St. Lucie
Sant Kominotè D'apantisaj "21st Century"
OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON**

Mwen dakò pou yo bay enfòmasyon sa-yo sou pitit mwen-an (Si mwen pa tcheke NON sa ka lakòz yo bay enfòmasyon sou pitit mwen-an):

Wi **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo bay la pwès pou rekonesans oswa rezon de nouvell.

Wi **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "websites" lekòl oswa distrik-la ki aksesib piblikman oswa pou difizyon.

Wi **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "Websites" Depatman Edikasyon Eta Florida oswa 21st CCLC ki aksesib piblikman oswa pou difizyon .

Wi **Non** - Non, foto , ak kontak enfòmasyon pitit mwen-an pou fotogwaf nan liv souvni lekòl.

Wi **Non** - Enfòmasyon anyè pitit mwen-an (non ak grad elèv)

Non (Tanpri Prente) _____ Siyati _____ Dat ____/____/____

Si ou ta vle resevwa kominikasyon pa imèl, tanpri founi adrès imèl-ou: